ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№7 (24.133) ● 2021 гъэм щIышылэм (январым) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек: «Къэрал мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэр зэраукъуэдийм и фIыгъэкIэ республикэм и экономикэм зеужь, щIыналъэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэри къыззгъэпэща мэхъу»

2021 гъэм щIышылэм и 20-м Псыхуабэ щызэпIущIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид, «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгум и управленэм и унафэщI Лечхаджиев Руслан сымэ.

ЗЭIУЩIЭМ зыщытепсэльыхьа Iэхуэгуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыналъэхэм гъуэгуэгэ щыкуэгъэдиныи, жьы хьуахэр щызэгъэпэщыжыным хуэунэтIауэ 2020 гъэм ирагъэкIуэжа лэжьыгъэм къриКуэхэр зэхэлъхьэжыныр, апхуэдэуи илъэсыщIэм зэфIагъэкIын хуейхэр убзыхуныр.

Апхуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс кIуам къэрал гъуэгуу километр 43-рэ щызэрагъэпэщыжащ. Абыхэм ящыщщ километр 25-рэ зи кIыхьагъ Аруан - Къэщкъэтау гъуэгур («А-158» гъуэгум щыщу), Шэджэм ЕтIуанэ - Налшык гъуэгум щыщ километрийр («Р-217» гъуэгум и 442-нэ километрым къыщыщIэдзауэ 450-нэ километрым нэсу), Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэнёнок жылэмрэ километри 10 хъу я гъуэгу IыхьэхэгУ («А-158»-м и 31-нэ километрым къыщыщIэдзауэ 41-нэ километрым нэсу) зыхуей хуагъэззэжахэр. 2021 гъэм апхуэдэуи и кIэм нагъэсынущ Исльэмей къуажэм и гъуэгухэм ящыщу километрибгъу хъур («А-158» гъуэгум и 41-нэ километрым къыщыщIэдзауэ 49-нэм нэсу).

2020 гъэм зэрагъэпэщыжащ Бахъсэн псым Бедык къуажэм деж хуэзэу телъ лъэмыжыр, ар хеубыдэ «А-158» автомобиль гъуэгум и 35-нэ километрым, къызыхуэтынщэу зэрагъэпэщыжащ «А-154», «А-158» гъуэгухэм я 38-нэ, 72-нэ километрхэм хыхьэ псы щIэжьПIитIыр. «Кавказ» гъуэгум и 27-нэ километрым тралъхьащ гъуэгур псым щызыхьумэ щхьэфэ быдэхэр.

Гъуэгухэр къызэрагъэнэху пкъохэр щагъэуващ «А-158» къэрал автомобиль гъуэгум и Iуфэу мы жылэхэм хуэзэхэм: Алъ-туд къуажэм (километри 4,1-м) Исльэмей къуажэм (километри 6,82-м), Былым къуажэм (километри 2,74-м).

Гъуэгу лэжьыгъэм хэтхэр еужьэрэкIыу яужь итщ «Р-217» «Кавказ» автомобиль гъуэгур лъэныкъуиплIкIэ щыпсэлъэкI хъууэ щIыным, а лэжьыгъэхэр щокIуэкI километр 37-м. Къызыхуэтынщэу зэрагъэпэщыжа Къубэ-Тэбэ (413-нэ километрым къыщыщIэдзауэ 423-нэм нэс), Бахъсэн къалэм къыпэзыкIухь (423-нэм щегъэжьауэ 436-нэм нэс) гъуэгухэр, апхуэдэуи Старэ Шэрэдж - Арщыдан гъуэгум щыщ, 468-нэ километрым щегъэжьауэ 482-м нэс зыхьхьэ гъуэгу Iыхьэр. А лэжьыгъэ псори 2021 гъэм кIуриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурадщ. Гъуэгухэр сыткIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыныр яубзыхуа мардэм ипэ къихуэу зэфIагъэкI.

Абыхэм нэмыщI, «А-158» гъуэгум щыщ Iыхьэ 19 ягъэбыдэ, абыхэм псым и зэран емыкIын хуэдэу. А гъуэгур хохьэ IуащхьэмахуэУ лъапэ и зыгъэпсэхупIэхэм уахуэзышэхэм, Малкэ къуажэм и гъуэгумрэ «Р-217» «Кавказ» гъуэгум хыхьэ 405-нэ километрым деж Балъкъ псым телъ лъэмыжымрэ сыткIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм щIадзащ.

2021 гъэм «Кавказ» гъуэгум и нэгъуэщI IыхьитIи къызыхуэтынщэу зэрагъэпэщыжыну я мурадщ, псори зэхэту километр 23-рэ я кIыхьагъу. Прогрессэ - Къубэ-Тэбэ къуажэхэм я зэхуакум хиубыдэ (405-нэ километрым щегъэжьауэ 413-нэм нэсу), Арщыдан къуажэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием екIуалIэ и гъунапкъэ (482-нэ километрым къыщыщIэдзауэ 497-м нэсу) зыхьхьэ гъуэгу Iыхьэхэри лъэныкъуиплIми ущызэблэкIыу нэхъ бгъуэ ящIынущ. А проектхэм я тхылъхэр зэрагъэхьзыр, - жиIащ «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгум и управленэм и унафэщI Лечхаджиев Руслан.

Къыхэгъэщипхъэщ «Р-271» «Кавказ» автомобиль гъуэгум щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым пхыкIынур лъэныкъуиплIкIэ ущызэкIуэ хъууэ бгъуэуэ зэрыщытынур.

КIуэкIуэ Казбек «Кавказ» гъуэгум и управленэм и унафэщIхэмрэ и лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищащ я Iэужьыфlхэм папщIэ икIи Iуэхум къыхэжаныкIахэм КъБР-м и ЩIыхь тхылъэр Iэтащхьэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъэр яритащ.

ЗэIущIэр щызэхуащIыжым абы жиIащ: «Къэрал гъуэгухэм зэрызрагъэужьжым ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ - абы ди экономикэм зрегъэIэт. А инфраструкТурэм зэрызиужьыр, шэч хэмылъу, сэбэп хуохъу республикэм щыпсэухэм я псэукIэр егъэфIакIуэнми. Ауэ нэхъыщхьэ дыдэр КъэбэрдейБалъкъэрым щыпсэухэмрэ абы и хьэщIхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща зэрыхъурщ. 2020 гъэм къыщыщIэдзауэ гъуэгухэр нэхъ бгъуэ зэращIым и фIагъэхэр нэрылъагъу хъуакIэщ». Республикэм и Iэтащхьэм зэрызиужьыжащ туристхэм я зыгъэпсэхупIэхэм екIуалIэ гъуэгухэр куэдкIэ нэхъыфI зэрыхъуар. Абы жиIащ къэрал автомобиль гъуэгухэм зегъэужьыным, республикэм дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэм, хуэунэтIа лэжьыгъэхэм дыдэрэ илъэсми къызэрыпащэнум шэч къызэрытримыхьэр.

Лечхаджиев Руслани щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм фIыщIэ къахуищащ къэрал гъуэгухэр щIыным, жиIа хуэдэу зыхуей хуэгъэззэжыным хуэгъэпса къэрал программэхэм къагъэув къалэнхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ къаззрыдэлажьэм папщIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

Къалэнхэм зэрыпэлъэщыр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ Iущlащ Урысейм и Федеральнэ налог Iуэхущ Iапl эм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыдамэм и унафэщI Губ эщIыкI Аслъэн.

ЗЭПСэЛЪэНЫГЪЭМ и кIуацIкIэ Губ эщIыкIыр къытеувыIащ 2020 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм къриКуэхэм, федеральнэ, республикэ, щIыналъэ мылъкум екъэлIауэ зыхуагъэувыжа къалэнхэр зэрагъэззэщIам, коронавирус уз зэрыцIалэм и зэранкIэ щIыналъэм щыIэ щытыкIэ гугъум кърашын папщIэ хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ хуащIа Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми.

УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, УФ-м и консолидированнэ бюджетым къыхэхъуащ мелард 14,6-рэ, КъБР-м и консолидированнэ мылъкум - мелард 11,5-рэ. Республикэ мылъкум и хэхъуэр мелардри 8,3-рэ, щIыналъэ мылъкум - мелардри 3,1-рэ, бюджетым хэмыхьэ фондхэм къихуэар мелардри 10,2-рэ мэхъу. 2019 гъэм и апхуэдэ пIалъэхэм тещIыхьауэ къапщтэмэ, бжыгъэхэр псори нэхъыбэщ, планыр проценти 110,5-кIэ гъэззэщIа хъуащ.

Хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ я Iуэхур дагъэнэ папщIэ налог зыт цIыху мини 3,4-м мэлыжьыхь-накъыгъэ мазэхэм къриубыдэу мелуан 197-рэ, цIыху 353-м - мелуан 11,4-м щIигъу ирагащ.

Хьэрычэт Iуэхум 2020 гъэм зэрызимыужьыфам къыхэкIыу, къуэдыхэр ягъэмэщIащ, псалъэм папщIэ, «упрощённая система налогообложения» жьыхуIэр зэхьэлIа гупым къыIах налогхэр.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуищIащ ведомствэм и унафэщIхэмрэ и Iэщ IагъэлIхэмрэ, 2020 гъэм щыIа социально-экономикэ щытыкIэ гугъум емылъытауэ зыхуей хуэзэу зэрылэжьам папщIэ. Псом хуэмыдэу абы къыхигъэщащ хьэрычэт Iуэхум екъэлIауэ яхуэзэфIэкIахэр. Хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ я налог политикэм гупльитэ хэха хуэщIын щыхуей, экономикэм и зыужьныигъэм екъэлIауэ тыншу щымытыну мы илъэсми, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэкIэ налог Iуэхущ Iапl эм зэрыщыгугъыр жиIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

КIуэкIуэ Казбек IущIащ Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгум и унафэщI Задорин Сергей

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ Iущlащ Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгум и унафэщI Задорин Сергей.

АХЭР тепсэлъыхьащ цIыхухэр къеIэжкIыным, хьэлъэхэр гъэIэпхъуэным зегъэужьыныжкIэ щыIэ Iэмалхэм, а унэтIыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курортхэр, мэкъумэш Iэнатlэр егъэфIэкIуэным, гъунэгъу щIыналъэхэм хуэIэ сату-экономикэ зэпыщIыныгъэхэр гъэбыдэным пыщIауэ а лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыну щыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щыпсэу куэд къызэрыщIэлъэIуам ипкъ иткIэ, щIыналъэхэм яку дэт электромафIэгуэхэр лажьэу зэтеухуэжыным екъэлIа Iуэхуэмэи хэплъащ. Электрокъаруклэ лажьэ мафIэгуэхэр 2021 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ лажьэу щызэтраублэжащ «Минеральные Воды - Беслъэн - Минеральные Воды» гъуэгум, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыпIэ хэхахэми ар къыщыувыIэу.

Задорин Сергей къыхигъэщащ къэрал кIуэцI туризмэм зиужьу зэрыхуежьам гъущI гъуэгум щызэфIагъэкIын хуейуэ щыта лэжьыгъэхэр щIагъэхуэбжьэну къаззрыхуигъэувынур, Кавказ Ищхъэрэм и кум хиубыдэ, урысей зыгъэпсэхупIэхэм я нэхъыфIхэм хабжэ Къэбэрдей-Балъкъэрми апхуэдэ Iуэхуэр щызэфIагъэкIын хуейуэ къаззрыхудэкIынур.

КIуэкIуэ Казбек Кавказ Ищхъэрэм и гъущI гъуэгухэм я унафэщIым жиIаэр диIыгъащ, цIыхухэр къешэкIыныжкIэ, хьэлъэхэр гъэIэпхъуэныжкIэ IэмалыщIэхэр, зыужьыныгъэ къызыдэкIуэну узыгъэгугъэхэр, щагъэунэху щIыпIэхэм республикэр хагъахьэную зэрыфIэтэмэмыр къыхигъэщащ. Абы Задорин Сергей фIыщIэ хиущащ къаззрыхуеблэгъам папщIэ икIи республикэм и экономикэр къэлэхьэным, абы исхэм я псэукIэр егъэфIакIуэным хуэгъэза проектхэр зэхэлъхьэным, ахэр гъэззэщIэным хуэунэтIауэ зэрызэдэлэжьэнум ехьулIэныгъэхэр къызэрыдэкIуэнум шэч къызэрытримыхьэр жиIащ.

Гу зылъытапхъэ: Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгур Урысейм щынэхъ инхэм ящыщщ. Абы и кIыхьагъщ километр мини 6,5-рэ. Ар кIуэцIрокI Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округэм я субъект 11-м я щIыналъэхэм (Волгоград, Астрахань областхэри хьихьэу), цIыху мелуан 17-м щIигъу щыпсэу километр зэбгъуэзнатIэ мин 350-м щIигъу къызэщIеубыдэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр бгылъэ туризмэм и курыхщ, мэкъумэш Iэнатlэм щIэгъэхуэбжьауэ зыщIеужь икIи Урысейм и Ипщэ щIыналъэм и курыкупсэм хеубыдэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

● ПэкIу

«МафIэ мыужьыхым» деж

Налшык «МафIэ мыужьыхым» деж щекIуэкIащ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Iуэхущ Iапl э щхьэхуэхэм я ветеранхэр, кIуалытъущIэхэр, Юнармэм и лыкIуэхэр, журналистхэр зыхэта пэкIу. Ар теухуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхэр илъэс 76-рэ, апхуэдэуи, Урысейм и ДОСААФ-р къызэрыунэхурэ илъэс 94-рэ зэрыриКъум.

ПэкIУМ хэтхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Урысейм и ДОСААФ-м КъБР-м щыIэ и къудамэм и унафэщI Зэкlуий Мухьэжид. Абы къыхигъэщащ республикэм и щIыналъэхэм мазэм и кIуэцIкIэ а Iуэхугъуэхэм ятеуха зэIущIэхэр зэрыщекIуэкIынур.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ветеранхэм ущие псалъэкIэ зыхуагъэзащ пэкIум крихьэлIа ныбжьыщIэхэм. Ахэр хуэхураджащ тхыдэр яхъумэным, нэхъыжьхэр яльытэным, щIэныгъэм гулъытэ хуащIыным.

ЗэIущIэм и кIэухыу «МафIэ мыужьых» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - мазаем (февралым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 607-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Зэпеуэхэр

«Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?»

Урысей Ипщэмрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэмрэ зыхьэ субъектхэм щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент гуп нэхъ зэчиифIэхэм, акъылыфIэхэм, жанхэм халъытащ КъБКъУ-м и щIалэгъуалэ гупи.

ПСОРИ зэхэту гупи 8 хъууэ студентхэр мы махуэхэм щызэхьэзэхуэ «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» джэгум хэту. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу а университетым и лЫкIуэхэм я закъуэщ зэпеуэм хэтыр.

Джэгу-зэпеуэр видеоконференц щытыкIэм иту къызэрагъэпэщащ, «Ростелеком» интернет-сервисыр я дэIепыкъуэгъуу. «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?»-м хэтщ Волгоград, Ставрополь, Краснодар, Грозный, Налшык, Тэн Iуфэ Iус Ростов (гупитI къикIащ) къалэхэм ящыщ гупхэр. Зэпеуэр Iыхьищу зэщIыкъэщIахуэ, Iыхьэ къэс упщIи 7 хэту екIуэкIащ.

Налшык икIа гупым хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ зэпеуэм. Зэхьэзэхуэр тынштэкIым, сыту жыпIэмэ, абы хэтащ «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» зэпеуэм блэкIа илъэсхэм щытекIуаеу щыта гупитI: Волгоградрэ Владикавказрэ дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент гупхэр.

«Ростелеком»-м зэрихабзэу, зэпеуэм щытекIуэхэм тыгъэ екIуэкI хуищынущ. Апхуэдэу къыхабелджылыкIынущ зэхьэзэхуэм хэтахэм нэхъыфIу къадэщIахэми яхэпха жьыджэрагъыр.

ТАМБИЙ Линэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Битокъум и лэжьыгъэхэр

Налшык щыIэ Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щагъэлъагъуэ художник-дизайнер Битокъу Владислав и «Хранители времени» выставкэр. Ар къызэригъэпэщащ Iуэхущ Iапl эм и унафэщI Сэралъп Мадинэ.

СУРЭТЫЩIЫМ и гъэлъэгъуэныгъэм хигъэхьащ Налшык, Тбилиси кIалэхэм, Дагъыстэным, Европэм я къалэ зыбжанэм щилъэгъуа псэупIэхэм, ухуэныгъэхьхэм я макет 41-рэ. КъищынэмыщIауэ, графикэ лэжьыгъэхэри утыку кърихьащ. Битокъум къехъулIащ блэкIа илъэсхэм щыIа архитектурэр зэфIигъэувэжын.

- Лэжьыгъэхэм щыдолъагъу къалэхэм я теплъэм иужь илъэсхэм зэхуэкIыныгъэхэр зэрагъэгъэтар. Абыхэм блэкIам дагъэупсыс икIи зыхьдагъащIэ ди адэжьхэр щыпсэуа, IункIыбзэ зрату щымыта унэхэм, дапщэщи зи бжэр зэIуха гъунэгъухэм я унэхэм дызэрыхуэзэшыр, - жиIащ Сэралъп Мадинэ. - Апхуэдэ теплъэ зиIэ псэупIэхэм ди нобэрей гъащIэм «къагъэзэжыныр» щхьэгъэпцIэжащ. Къэралым хуэсакъыу ихъумэ архитектурэ фэеплъ нэгъунэ зэрыльэпльэжыр ди нэгу щIокI. Жьы хъуауэ къэтпытэ псори зэрыдгъэкIуэдыжыным зэпымыууэ дыхущIокIыу, ди щэнхабзэм щыщ щIэ гуэр тхуэмыуухуэми. Абы къыхэкIыу жьым и пIэм щIэ гуэр идгъэувэурэ докIуэкI. Аращ тхыдэм льэ быдэкIэ дызэрыхэтым ехьэлIа щытыкIэ дыщимыIэри.

Битокъум и лэжьыгъэхэр нэхъыжьхэм иджыри я гум илъ, щIалэгъуалэр зыщымыгъуазэ блэкIам дыхуэзышэж гупсысэщ. А унэхэм ухашэж къат куэду зэтет уардэунэшхуэм и пэ щыIа, зы унагъуэшхуэм хуэдэу псори зэхуэдэу, зэхуэгуапэу зэкIэлъыкIуэу щыпсэуа, Интернетым щыхуэхэр щызэфIимыгъэкIуэда зэман дахэм. Художникым лъэщапIэ имы Iэми, илъэс зыбжанэ и пэкIэ макетхэр гъэхьэзырным дихьэхащ.

- Лэжьыгъэхэр си гукъыдэжьм елытауэ, зэрымыщIэкIэ езыр-езыру къэзгъэщIащ. Зы псэупIэ гуэрым къытесщIыкIа зы ухуэныгъи абы яхэтхьам. Пасэрей унэхэр къыщыгъэлъэгъуа сурэт куэд сиIэщ, ауэ лэжьыгъэхэр абыхэм къатесщIыкIакъым. А архитектурэхэр си гупсысэщ къызыхэсхар. СызыхущIэкъур нэхъапэм щыIа унэхэм яIа теплъэр зэрыщыта дыдэм хуэдэу къэзгъэлъэгъуэжыныркъым, атIэ а ухуэныгъэхэм я хуабагъэр, щыIэкIар, щытыкIар цIыхухэм я деж нэсхьэсыирщ, - жеIэ Битокъу Владислав.

Суратыщым зэрыжиIэмкIэ, ар зэгуэр Тбилиси щыIащ икIи пасэрей къалэм щилъэгъуа унэхьэр тельыджэ щыхуащ. Тригъэзэжыну и хъуэпсанIэт, нэхъ набдзэгубдзаплъэу ахэр зэпиплъыхьыну, иджыну, арщхьэкIэ пандемием зэкIэ апхуэдэ Iэмал къритыркъым.

- Хуит сащIамэ, Налшык къалэм и кур зэрыщыту Тбилиси и псэупIэхэм ещхьку сыухуэнт, - жеIэ Владислав. - Къат куэду зэтет унэхэр къалэ гъунэм згъэIэпхъуэнт, сыту жыпIэмэ ахэр теплъаджэщ, унэ цIыкIуэр гум къыподжэж, хуабагъэкIэ гъэнщIащ. 40 - 50 гъэхэм ауха унэ закъуэтIакъуэхэр зым и ужь адрейр иту зэракъутэжыр ди нэгу щIокI.

Битокъу Владислав зэрысабийрэ сурэт щыным дехьэх. Ар я гъэсэнщ художник цIэрыIуэ Ткаченкэ Андрейрэ Налшык и Сабий художественнэ школыр къызэIуэыха икIи и унафэщIу щыта Вуколоевэ Людмилэрэ. Абы КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетыр кIуихащ, 90 гъэхэм ар «Газета Юга» къыдэкIыгъэм и редакцэм и художникыу, иужькIэ и суратхэкIуэ щытащ.

Выставкэм зрагъэхьэлIащ жылагъуэ, творческэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ Iапl эхэм я лэжьакIуэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Суратхэр
КъАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонэр: **8(8662) 40-89-70**, **40-34-32**.

● Гу зытъытапхъэ

Вакцинэм узыфэ зэрыцІалэм щехъумэ

КЪБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ коронавирус узыфэ зэрыцІалэм ущызыхъумэ мастэхэр щІыхуэхэм яхэлъхьэныкІэ зэрыцІалэм щІыналъэм къызэрыщызэрагъэпэщым теухуа пресс-конференц.

– МЫ ЗЭМАНЫМ узыфэ зэрыцІалэм зэрыпэщІэт мастэхэр республикэм и щІыпІэ 16-м щыхалъхьэ. Ахэр псори къызэгъэпэщащ санитарэпидемиологие хабзэхэр и лъабжьэу, УФ-м Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къигъэлъэгъуа жыпхъэхэмрэ унафэхэмрэ тету, - жиІащ Къалэбатэ Рустам. - Къэбэрдей-Балъкъэрым хущхъуэр Іыхьэ зэрыныгъуурэ къытхуаутІыпщу аращ. Иджыпсту вакцинэу 2842-рэ къытІэрыхьащ, абы щыщу 1400-р къэдгъэсэбэпащ. ДиІэр Спутник-V (ГамКовид-Вак) вакцинэращи, ар пкъыгъуитІу зэхэлъщ, абы къыхэкІыу а хущхъуэр зы цІыхум тІэнийр екъэлІэн хуейщ. Къытрагъэзэжу мастэр зыхалъхьахэр цІыху 700-м ноблагъэ. Ар зэмызэгъа, абы щхьэжагъуэ ищІа яхэткъым.

Министрым къыхигъэщащ медицинэ, социальнэ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм, дзэ къулыкъум пэрытхэм мастэр япэу халъхьэн зэрыщІадзар. ЩІыналъэхэр зэрызэщІагъэхьэм и гугъу пщІымэ, хущхъуэр зрахьэлІахэм ящыщу цІыху 700-р Налшык къалэм щопсэу, адрей бжыгъэр районхэм тегуэшащ.

- Іуэхур зэрекІуэкІым елъытауэ коронавирус узыфэ зэрыцІалэм ущызыхъумэ мастэхэр жылагъуэ псомэ ялъэгъэІэсэхъумэкІэ гупщхьэхуэхэр къызэдгъэпэщынущ, - жиІащ Къалэбатэм. - Апхуэдэу вакцинэр зэзыхьэлІэну хуейхэм медицинэ Іуэхущіапіэхэм я регистратурэхэм, КЪР-м Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, Іуэхум республикэм щыпсэухэм я процент 60-р къызэщІрагъэубыдэну я мурадщ. Зи гугъу ящІыр балигъэращи, хущхъуэр зрахьэлІэн хуейхэр цІыху мин 400-м ноблагъэ.

- Мардэ пыухыкІахэр диІэщи, абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, мазаем и кІэ пщІондэ вакцинэу мин 28-рэ къэдгъэсэбэпын хуейщ. Къапщтэмэ, илъэсым къриубыдэу а Іуэхур зэрекІуэкІынур дубзыхунущ, ауэ зэхъуэкІыныгъэ гуэркэ хэтлъхьэрэ екІуэкІынущ. Дызэрыщыгъуаззэщи, мы зэманым УФ-м Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм вакцинэ лІэужьыгъуитІ щатхащ, иджыпсту ещанэр щагъэунэху. Узыфэ шынагъуэм зэрыпэщІэтын хущхъуэхэр къыщІэгъэкІыным жыджэру зэрелъэжьым ипкъ иткІэ, а Іуэхум хузунэтІауэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм щІэхьщІэхьуурэ Іэмалыщ Іэхэр къыхьхьэнущ, - жиІащ министрым. - Вакцинэм и сэбэпынагъым шэч къытрахьэу псалъэмакъ зэхэумыдэхэр жылагъуэм къыщрахьэкІами, куэдым я еплъыкІэм зихъуэжащ, мастэр зыхезыгъэлъхьэну зезыгъэтхъэм я бжыгъэм хэхъуэурэ макІуэ. Коронавирус узыфэ зэрыцІалэм зыщыпхъумэныкІэ ноблкІэ зэкІыпІэ нэхъыфІу щыІэр зи гугъу тщІы хущхъуэхэрщ. Абы и сэбэпынагъыми и щынагъуэнтІагъэмрэ клиникэ Іэмалхэмкі къаухатащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Тхылъыщ1э

Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и тхыдэ

«Печатный двор» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ дунейм къыщыхехьащ лэжьыгъэ гъэщІэгъуэн. Лениным и цІэр зезыхьэ союзэпсо комунист щІалэгъуалэ зэгуэхэныгъэр (ВЛКСМ) илъэси 100 зэрырикъум теухуа «Комсомол Кабардино-Балкарии в лицах и фотодокументах» тхылъым и редактор нэхъыщхьэр Зумакулов Борисщ.

ТХЫДЭ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и япэ секретару щыта, комсомолым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Зумакулов Борис и пэублэ псалъэм гупсэхуу ухегъэгъуазэ а Іэнатіэм къикІуа гуэргуанэм.

ВЛКСМ-м и тхыдэ гъэзэгуанэм теухуа тхыгъэ купщІафІэхэр итщ тхылъым. Апхуэдэуи ар къулейщ узэджэ псор наІуэу уи нэгу къыщІэзыгъэувэ сурэтхэмкІэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Футбол

Къэралым и гуп къыхэхар и пщэ къралъхьэ

Урысей Футбол Зэгуэхьэныгъэм дыгъэгъазэм и 30-м Мэзкуу щриГъэкІуэкІа зэІуцІэм ХъыбарГуапэ къытхуихьащ - ди лъахэгъу, «Спартак-Налшыкым» щыджэгуа икІи и тренер нэхъыщхьэу щыта Красножан Юрий къэралым и цІыхубз командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу ягъэуваща.

ЗЭГУРЫЦУЭНЫГЪЭР илъэситІ пІалъэкІэ зэращІылІащ. Красножан Юрий а къулыкъум щихъуэжащ Урысей Федерацэм футболымкІэ и цІыхубз командэм 2015 гъэ лъандэрэ и тренер нэхъыщхьэу щыта Фомина Еленэ.

- Къэралым и гуп къыхэхар дзыхь зыхэзыщІынум кэуцІ дегупсысащ икІи зыкъом зэпэтІэтыятащ. Кандидат зыбжанэм гъэурыгъуэрэ зэхуэдгъаззурэ депсэлъылІащ икІи щхьэж и Іуэху бгъэдыхьэкІэр, мурадхэр зэдгъэщІащ. ИкІэм-икІэжьым Красножан Юрий дыкъытеувыІащ. Урысей Федерацэм футболымкІэ и цІыхубз командэм зэрыдэлэжьэну щІыкІуэ абы ди пащхьэ кърилъхьаэмрэ нэхъапэм зэдэщІа гупхэм зыкъызэрыщыгъэльэгъуа щІыкІэмрэ нэхъ дигу ирихьащ, - жиІащ Урысей Футбол Зэгуэхьэныгъэм и гъэзэщІакІуэ гупым хэт, къэралым ЦІыхубз футболымкІэ и комитетым и унафэщІ Юмашевэ Полинэ.

- Урысей Федерацэм и цІыхубз командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу сыуВыныр Іуэхугъуэ зыбжанэм къыхэкІащ, - къыддэгуэшащ и гупсысэхэмкІэ Красножан Юрий. - ЯпэрауэІ, си Іэщ1агъэмрэ щІэныгъэмрэ щІэупщІэ зэрыІэращ. ЕтІуанэрауэ, Урысей Футбол Зэгуэхьэныгъэм цІыхубз топджэгум гулъытэ хэха хуищІын зэрыщІидзаращ икІи мурадыфІхэр къызэригъэнэІуаращ. Къэралым и цІыхубз командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу уагъэувыныр пщІэшхуэщ икІи жэуаплІныгъэ ин зыпылъыщ. ОльэкІ къэзгъэнэнукъым, къызэрысщыгугъыр згъэпэжын папщІэ.

Красножан Юрий къалэн ин занщІэу и пщэ къызэрыдэхуам шэч хэлъхьам. Ар зи тренер нэхъыщхьэ хъуа Урысей Федерацэм и цІыхубз командэ къыхэхам нэгъабэ мыІейуэ зыкъыригъэлъэгъуащ икІи 2022 гъэм щыІэну Европэм и чемпионатым и кІэух Іыхьэм хэтынухэр къыщыхах гуп зэпеуэм етІуанэ увыпІэр къыщихьащ. АдэкІэ кІуэтэн папщІэ ди лъахэгъум и гъэсэнхэм мэлыжьыхьым зэпэщІэуэ зэІущІэ къапэщылъщ. Абы щытекІуэмэ, Европэм и чемпионатым и кІэух Іыхьэм зыкъыщызыгъэльэгъуэнухэм яхэхуэнущ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа икІи къыщыхъуа Красножан Юрий и тренер нэхъыщхьэу щытащ Бахъсэн и «Автозапчасть», Налшык и «Спартак», Мэзкуу и «Локомотив», Мэхъэчкалэ и «Анжи», Краснодар и «Кубань», Грозныи и «Тэрч», Мэзкуу областым и «Химки» командхэм. КъыщыдэмыщІауэ, игъэсащ Урысей Федерацэмрэ (етІуанэ гупыр) Къэзахъстанымрэ я ЦІыхухэу гуп къыхэхахэр. Щэч къытетхъэркъым абы къыпэщылъ къалэнхэр иджыри екІуу зэригъэзэщІэнум.

Хьэлэмэтраци, Урысей Федерацэм футболымкІэ и командэ къыхэхахэр иджы зыгъэсэнур Кавказ Ищхъэрэм къыщыхьуа щІалэхэращ. ЦІыхухъуэхэм я тренер нэхъыщхьэу ильэс зыбжанэ хъуауэ мэлажьэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ Черчесов Станислав, цІыхубзхэр дяпэкІэ и нэІэ щІэтыныщ ди республикэм икІа Красножан Юрий. Нэхъапэм апхуэдэ зэи къэхъуакъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Алыдж-урым бэнэкІэ

Азербайджаным и щІыхьыр яхъумэ

Ниццэ къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Деглан Анри и фэеплъу спорт бэнэкІэмкІэ къызэрагъэпэща «Франджым и Гран-при» зэпеуэр. Абы хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Азербайджаным и цІэкІэ утыку къихьа ди лъахэгъуэу Дадэ Исльамбэчрэ Локьиев Муратрэ.

47-НЭУ мы гъэм Франджым щекІуэкІ зэхьэзэхуэ иным къызэхуишэат дунейм и бэнакІуэ нэхъыфІ дыдэхэр. Ди щІалэхэм абы медалитІ кІащхьащ.

Альыдж-урым бэнэкІэмкІэ зэпеуэм килограмм 67-м нэс зи хьэлъагъэхэм я деж ещанэ увыпІэр щиубыдащ Дадэ Исльамбэч. Финал цІыкІум ар щефІэкІащ Азербайджаным и командэ къыхэхам къыдыхэт Рустамов Намаз икІи домбеякъ медалыр зыІэригъэхьащ.

Щіыщэм пэгъунэгъу дыдэ хъуат килограмм 97-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм хэта Локьиев Мурат. Куржым щыщ Мелие Георгий щебэна кІэух зэІущІэм абы и Іэр игъэузыжащ икІи алэрыбгъуэм къытекІыжьын хуей хъуащ. Арати, кІэрыхьысар дыжьын медалыращ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Мы махуэхэм

ЩІыШылэм и 23, *щэбэт*

♦Іэкіэ тхэным и дунейпсо махуэщ. Абы Хъэтым и махуэкІи йоджэ.

♦Китайм щагъэлъапІэ хуитыныгъэм и махуэр

♦1556 гъэм Китайм и Шаньси провинцэм щІыр щыхъеящ икІи а гуэвэгъуэм напІэзыпІэм хэкІуэдащ цІыху мин 830-рэ. Дуней къэхъуакъащІэм и зэранкІэ апхуэдизу цІыху зэуэ щыхэкІуэда иджыри къэс къэхъуакъым.

♦1849 гъэм Нью-Йорк штатым дунейм щыяпэу дохутырым и дипломыр ираташ цІыхубзым. Ар Инджылызым къыщалъхуа, иужькІэ США-р псэупІэ зыхуэхъуа Блэквелл Элизабетт.

♦1881 гъэм Москва и Театр иным япэу щагъэлъэгъуащ Чайковский Пётр и «Евгений Онегин» оперэр.

♦1895 гъэм цІыхум и лъэр япэ дыдэу Антархтидэм теуващ. Ахэр Норвегием щыщт - «Антарктик» бдзэжьеящэ кхъухьым исахэрщ.

♦1912 гъэм Гаагэ Іэ щытрадзащ африкэнэкІэр зэрызэрахьэм кІэлъыплъыным теуха дунейпсо зэгурыІуэныгъэм.

♦1916 гъэм США-м къыхэкІыу Монтанэ штатым дуней щытыкІэм зыІэзыбжьэу зыщыхъуэжри, хуабэу щыта градуси 7-р щІыІэу градус 49-м хуэкІуат. Апхуэдэ дунейм зэи къыщыхъуакъым.

♦1924 гъэм Ленин (Ульянов) Владимир и Мавзолей Москва щыуэным теухуа унафэ къащтащ.

♦1944 гъэм СССР-м ЗыхъумэжныгъэмкІэ къэрал комитетым унафэ къищтащ Т-34-85 танк лІэужьыгъуэщІэр Дзэ Плъыжьым и Іэщэхэм хагъэхьэным теухуауэ.

♦1950 гъэм Израилым и къалащхьэу къалъытащ Иерусалим.

♦Франджы тхакІуэ цІэрыІуэ **Стендаль** (и цІэ дыдэр **Мари-Анри Бейлщ**) къызэралъхурэ илъэс 238-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цІыхубз артист, Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужь **Александров Григорий** (и унэцІэ дыдэр **Мормоненкэщ**) къызэралъхурэ илъэс 118-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪР-м и Къэрал сагъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **МафІэдз Сэрэбий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Урысей физик цІэрыІуэ, академик, РАН-м и унафэщІ щыта **Фортов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

♦Урысей актёр, каскадёр, жылагъуэ лжьакІуэ, УФ-м щыІэх зиІэ и артист **Иншаков Александр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр градуси 4 - 3 щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 24, *тхьэмахуэ*

♦Эскимо морожнэ лІэужьыгъуэм и дунейпсо махуэщ. США-м щыщ Онавэ къалэм щыпсэу, тыкуэн цІыкІу зыгъэлажьэ Нельсон Христиан а Іэфыкіэ лІэужьыгъуэр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъыр 1922 гъэм къратыжауэ щытащ.

♦1606 гъэм Испанием и къалащхьэр Вальядолид ирахри, Мадрид яхьауэ щытащ.

♦1931 гъэм «Ромэн» цыджан театрыр щІэзэрагъэпэщащ.

♦1966 гъэм Индием и «Боинг-707» кхъухьлъатэр, Бомбей - Дели - Бейрут - Женевэ - Лондон гъэгуанэр зэпичу уэгум иту жьэхэуащ Монблан бгым. А насыпыншагъэм зэкІуэдат цІыхуи 117-рэ.

♦Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ **Суриков Василий** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.

♦Урыс бзэщІэныгъэлІ, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспондент, псалъэ мин 90-м щІигъум я мыхьэнэр къыщыгъэльэгъуэ псалъалъэ цІэрыІуэр къыдэзыгъэкІа **Ушаков Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, егъэджакІуэ, фильмхэм я сценарийхэри зытхыу щыта, СССР-м и цІыхубз артист **Ромм Михаил** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, драматург, Армавир къалэм щыщ зиІэ и цІыху, адыгэ пхъурылъху **Дангулов Саввэ** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Полковник, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта, КЪР-м и Къэрал сагъэтыр зыхуагъэфэща **Джэтауэ Хьэмыщэ** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦ТхыдэщІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **БетІрожь Руслан** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Ободзинский Валерий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лэжьакІуэ **ЩІыхьмырзэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Музыкант, дирижёр, СССР-м и цІыхубз артист, Совет Союзым и Къэрал сагъэтыр зыхуагъэфэща **Башмет Юрий** илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 7, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 25, *блыщхьэ*

♦Урысеймрэ Белоруссиемрэ щагъэлъапІэ Студентхэм я махуэр (Татьянэхэм я махуэр)

♦Урысей Федерацэм и Дзэ-Тенджыз флотым и къхъухьэм я унафэщІхэм я махуэщ

♦1755 гъэм Москва къэрал университет къыщызэІуахащ.

♦1763 гъэм пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Урысей къэралыгъуэм Іэщэкіэ Зэщіэузэда и Къарухэм я Штаб хэхъущхьэр.

♦1799 гъэм США-м щатащ жылэ зэрасэ Іэмэпсымэ зэрызэпкъралъхьам щыхьэт техъуэ тхылъыр.

♦1905 гъэм Африкэ Ипщэм къыщагъуэтащ дунейм щынэхъ ин дыдэ налмэсыр, «Куллинан» зыфІащар. Ар карат 3106-рэ хъурт.

♦1918 гъэм къащтащ ягъэлІыщІэ лэжьакІуэбзэм къащхьэщыжь, абыхэм я хуитыныгъэхэр къыщыгъэльэгъуа декларацэр.

♦1919 гъэм Деникиным и дзэхэм Налшык яубыдащ.

♦1924 гъэм Шамони (Франджы) къыщызэІуахащ І щІымахуэ Олимп Джэгухэр. ЛыжькІэ лъагапІэм къелъэн, лыжькІэ, лъэрыжькІэ къызэдэжэн, кёрлинг, бобслей спорт лІэужьыгъуэхэр олимп зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэри, япэ зэпеуэхэри абы щекІуэкІауэ щытащ.

♦1936 гъэм Стахановым и лэжьэкІэм теуха гупышхуэ лъакъуэрыгъажэкІэ Налшык къэкІуащ.

♦1943 гъэм Воронеж къалэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1949 гъэм США-м япэу щатащ «Эмми» телевизионнэ саугъэтыр.

♦Узынщагъэр хъумэныкІэ Іуэхущіапіэхэр Адыгэйм къыщызэгъэпэщыным и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ, УФ-м щыхьэ зиІэ и дохутыр **Бэч Мэлэчхъан** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Совет, куржы политик, къэрал лэжьакІуэ, 1995 - 2003 гъэхэм Куржым и президенту щыта **Шеварднадзе Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Сабий усакІуэ **Щоджэн Аслъэнджэрий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Совет фигурист, СССР-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Жук Станислав** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, композитор, уэрэджыІакІуэ, актёр щІэныгъэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Высоцкий Владимир** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, режиссёр, КЪР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КЪР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Безыр Чэмал** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукІэжь Владимир** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, композитор, УФ-м и цІыхубз артист **Добрынин Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, КЪР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щад Азджэрий** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, каскадёр, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Ростоцкий Андрей** къызэралъхурэ илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Мариэщ.

● ЕхъулІэныгъэ

Выныжь Аминэ токІуэ

Уфа къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Гризайль. Натюрморт» сурэт лІэужьыгъуэкІэ дунейпсо творческэ зэпеуэ. Иджы етІуанэу эхэщэ а зэхьэзэхуэм я лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуащ ди республикэм и щІалэгъуалэ зэчиифІэхэми. Ди гуапэ зэрыхъущи, зэпеуэм и лауреат зэрыхъуам щыхьэт техъуэ, І нагъыщэ зиІэ щІыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ КъБКъУ-м Архитектурэмкіэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкІэ и институтым и 2-нэ курсым и студенткэ Выныжьк Аминэ.

Ди хэкуэгъу пщащэр зыхэта унэтІыныгъэм щызэпеуащ УФ-м хьыхь щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыкІэ сурэтыщІ ныбжьыщІэ 20. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми зэпеуэм иригъэхьа сурэтыр зэрызэхэлъ Іыхьэхэмкіи, ящІэлъ гупсысэхэмкІи, ахэр къызэрыгъэлъэгъуа щІыкІэхэмкІи нэщІысат, итІаникъэпщытакІуэхэм апхуэдизу лэжьыгъэм къыхагъэбелджылыкІащ фІыкъэм я фІыж теплъэгъуэр. Зэпеуэм хэтхэм нэрылъагъу ящІын хуейуэ къапэщыт мардэ псоми хуэкІуэу къалъытащ Выныжьк Аминэ «Декоративный натюрморт» зыфІища и сурэтыр.

КъэпщытакІуэ гупым ягъэлъэпІар творческэ лэжьыгъэ екІуэ зыгъэзэщІа адыгэ пщащэм и закъуэкъым. Абыхэм яІэташ зэпеуэм и пащхьэ ирахьа лэжьыгъэр Гъэзэщ1ыкІэ Аминэ чэнджэщэгу къыхуэхъуа, КъБКъУ-м архитектурэ проектхэмкІэ и кафедрэм и доцент, гуязджэ щІэныгъэхэм я доктор Къанокъуэ ФатІимиІ. Абы зэрыжиІэмкІэ, франджыбзэм къыхэкІа «grisaile» псалъэ дахэм «гъуабжэ» къикІыу араш. АтІэми сурэтыщІ гъэзэджэм абы мыхьэнэшхуэ щиІэщ. Сурэтыщым а зы плъыфэм фІэкІа къимыгъэсэбэпу къигъэлъэгъуэфын хуейщ и Іэдакъэ къыщІэкІ сурэтымкІэ жиІэну зыхуэи псори.

Гризайль мардэм и хабзэхэм тету щІащ Выныжьк Аминэ и натюрморт-хэр. Ахэр къызыхуэтыншэу зэрыгъэзэщІаращ абы зэпеуэм япэ увыпІэр къыщІыщыхуэгъэфэщащ. СурэтыщІ ныбжьыщІэм дохъуэхъу творческэ ехъулІэныгъэщІэ куэд дяпэкІи зыІэригъэхьэну.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

БилетыщІэхэр ящэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэпсэхунухэм папщІэ ящэн щІадзащ билет «зэхэтхэр».

ЩІышылэм и 31-м щегъажьауэ Минеральные Воды и гъущІ гъэзгу вокзалымрэ аэропортымрэ къытралшу, цІыхухэр автобускІэ щызэбграцыныщ Нейтринэ, Іуащхьэмахуэ, Тегенекли, Байдаевэ, Итколь, Терскол, Азау лъэныкъуэхэм. Мы билетхэр щІадзахьэзырам и щхьэусыгъуэр Іуащхьэмахуэ туристхэр нэхъыбэу къешэлІэныщ. Абыхэм гъэзгум трагъэкІадзэ зэманыр нэхъ мащІэ хъунущ, абы къыхэкІыри, нэхъыбэрэ я нэгу зрагъэужьыыбыныщ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ унэзыгъэс билетыр щызыІэрыбгъэхьэ хъунущ гъущІ гъэзгу вокзалхэм, «ФПК» Іуэхущіапіэм я кассэхэм, апхуэдэуи «РЖД» ОАО-м и сайтым.

МафІэгумрэ кхъухьлъатэмрэ я билетхэм занщІэу дыщІагъу автобусым уитІыс схьэну хуит узыщІ талонри. ЦІыхухэр зэрызэбграшыну автобусхэр тынщ икІи хуитщ.

Автобусхэм я текІыгъуэхэм, билетхэм я уасэм теухуа хъыбархэм ущеплъ хъунущ «ЕТД» АНО сайтым и «Единый билет» Іыхьэм. Упсалъэ хъунущ 8(800)250-18-04 телефоным.

● Лъэпкъ Іущыгъэ:

МазэщІэр куэдрэ блэркъым.

● КъБР-м Коронавирусым кІэлъыплъыныкІэ и оперативнэ штабым къет

2021 гъэм щІыШылэм и 22-м ирихьэлІэу

Узыр япхърытрэ апкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 399.434-рэ

Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 17.973-рэ

Ижьырей жэщ-махуэм хъриубыдэу къахутахэр - 93-рэ

Сымаджэщхэм щІэлъхэр - 1.286-рэ

Реанимацэм щІэлъхэр - 91-рэ

Хъужакэр - 16.747-рэ

Вирусым и зэранкІэ дунейм екъжахэр - 308-рэ

Зыхэзбгъадэ хъун щымыІэ

● Щікъуэхьащ адыгэр дуненжьым

«Бзылъхугъэ» напэкІуэцІым и нобэрей къыдэкІыгъуэр тедухуащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм къахэкІа пщащэ цІэрыІуэхэм, лъэпкъым и цІэри и пщІэри зыІэтхэм.

Уи гуапэ мыхъуу къанэрхъым, апхуэдиз ехъулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьа ди лъэпкъэгъу хъыджэбзхэм интервью щаткІэ, е я унагъуэм щытепсэлъыхькІэ, зэрыадыгэм иригушхуэу къызэрыхагъэщыр. Дауи, ар псом япэ зи фІыгъэр ахэр зыпІа я адэ-анэхэрщ. Ауэ лъым и къарур къызэрымыкІуэу зэрыиныр абыхэм лъэпкъым хуаІэ фІыльагъуныгъэм и закъуэкъым къызыхэщыр, атІэ я теплъэ зэкІужым, я хьэл дахэм, текІуэныгъэм къимыкІуэту зэрыхуэкІуэм, сыт хуэдэ гугъуехьми къарууфІэу зэрыпэщІэтым наІуэ ящІ.

Пасэ зэманым къыщыщІэдзауэ адыгэ пщащэм и теплъэм, зыІыгъыкІэм сыт хуэдэ лъэпкъри къехъуапсэу щытащ. Зыужьныгъэ ин зыгъуэта дунейм щикъухьа шэрджэсхэм зэманым куэдкІэ зыдахъуэжащ, ауэ нобэми абыхэм къахэкІа бзылъхугъэхэм хуэдэ зэрыгъуэтыгъуейр къыджаІэ мы хъыджэбзхэм я щапхъэм. «Пхъу зыгъасэм лъэпкъ егъасэ» псалъэхэм я пэжагъыр иджыри зэ хьэкъ пщохъуж.

Ди гуапэу фыдогъэцІыху Тыркум щыпсэу пащащэ тхьэІухудхэр.

Корель Бергюзар

Тырку актрисэ цІэрыІуэхэм ящыщщ Корель Бергюзар. Хъыджэбзым и адэ Корель Танджу къэралым фІыуэ къыщацІыху актёрщ, нэхъыщхьэращи, адыгэщ.

БЕРГЮЗАР 1982 гъэм Истамбыл къыщалъхуащ, ауэ абы и сабиигъуэр щыкІуар Улусщ. Адыгэ пщащэм и адэ-анэр творческэ цІыхути, езыри а унэтІыныгъэм дихьэхащ.

Корель зэрыцІыкІурэ Іэзэу волейбол джэгурт. Ауэ Іэщ1агъэ хуэхъунур къыхихьн хуей щыхъум, куэдрэ мыгупсысэу Синан университетым и актёр къудамэм щІэтІысхьащ. Еджэн зэрыщІидзэу, хъыджэбзыр кинофильм кІэщІ цыкІухэм, роль мыинхэр театрым щигъэзэщІэн щІидзащ. Хъыджэбзым и насып кърихьэкІри, Хэнкс Том, Кидман Николь сымэ актёр Іэзагъэм хуезыгъэса Бастон Сьюзан и деж щеджащ.

Актёр гъащІэм Корель щыхьхьар «Гъащ1э къута» сериалым щыщыджэгуарщ. Абы къыкІэлъыкІуэу 2005 гъэм ар зыхэта «Ирак: дыгуэхьхэм я хуей» кинофильмыр пащащэм дежкІэ тыншу щытакъым. Абы и Лейлэр хьэрыпыбзэкІэ псэлъэн хуейт, Бергюзар бзэр ищІэртэкъым. Ауэ пэлъэщащ икІи а фильмым екъулІэныгъэ ин къыхуихьащ актрисэм. Абы къыкІэлъыкІуащ етІуанэр, ещанэр, абыхэм ящыщу нэхъ цІэрыІуэ хъуахэщ: «Зэйт къудамэ», «Жэщ 1001-рэ». ЕтІуанэ кинофильмым щыджэгуа иужькІэ «Дыщэ хьэндырабгъуэ» телевизионнэ саугъэтыр къратат.

2009 гъэм актрисэр «Лъагъуныгъэр бгым адэкІэ щыІэкъым» фильмым щыджэгуащ, 2011 гъэм «ЛІэщІыгъуэ телъыджэ» сериалым хэтащ, Гритти Моникэ и ролыр игъэзащІэу.

Абыхэм ящыщ Корель кино куэдым зэуэ ирагъэблагъэ. КъыкІэлъыкІуэ илъэситІым «И кІэм намыгъэса уэрэд» сериалым хъыджэбзым щегъэзащІэ зи гъащІэ гъуэгуанэр мытыншу образыр. И сабий кІуэдар къыгъэтыжьыр мурадкІэ жащІ ирыплажьэ клубым уэрэджыІакІуэ мэув. И насыпыр къэзыІэзуэ бзылъхугъэм лъэпощхьэпо куэд къызэрэнэкІ.

«Корель адэ къуэш» боевикым Бергюзар зи роль щигъэзащІэ хъыджэбзым лІыхъужь нэхъыщхьэ Имирзалыоглу Кенан фІыуэ елагъ. Абыхэм я лъагъуныгъэр яхъумэн папщІэ гугъуехьхэм пэщІоувэ. Актёр кьалэныр къызэрымыкІуэу екъулІэу а фильмым зэрыщигъэзащІам къыщымынэу, хъыджэбзыр уэрэд жыІэным зэрыхуэІэзэр наІуэ щещІ. И макъыр зигу ирихьа продюсер Гюрель Айкут контракт ирещІылІэри, абы и уэрэд 12 щызэхуэхьаса альбом 2016 гъэм дунейм къытрагъэхьэ. Къыхэгъэщыпхъэщ а дискхэм къащІиха ахъшэр Бергюзар псапэ Іэхуэхэм, сабий зеиншэхэм ядэІэпыкъу фондым ихьэлэ зэрахуищІар.

«Дыщэ хьэндырабгъуэ» саугъэтым и закъуэкъым адыгэ пащащэм и зэфІэкІым къыхуагъэфащар. 2008 гъэм актрисэ нэхъыфІу кьалъытэри, «Zodiak School» саугъэтыр кратащ. Илъэсипл1 докІри, Тырку радиом, телевиденэмрэ печать къыдэкІыгъуэхэмрэ я зэгухьэныгъэм «Илъэсым и актрисэ» цІэ лъапІэр къыхуагъэфащащ. ИужькІэ «Oscars of Media», «Дыщэ объектив» саугъэтхэр 2013, 2014 гъэхэм пщащэм къратащ.

2016 гъэм «Си хэкур уэращ» фильмым Азизе и ролыр щигъэзащІащ. Ар теухуащ алыдж зауэлІхэм Измир щкъалэр зэрауебыдам. Фильмым зэрыхэтмкІэ, Азизе и щхьэгъусэр фронтым дэкІауэ, езыр алыджхэм яубыда кьалэм и бынхэр и гъуэсэу къыдэнащ.

Корель и унагъуэ Іэхур хэлущІыІу ищыну фІэфІкъым. Абы и щхьэгъусэр - актёр цІэрыІуэ Халит Эргенч - хъыджэбзым нэхърэ илъэс 12-кІэ нэхъыжщ. Ахэр 2006 гъэм зэрыщІыхури, куэд мыщІэу зэрышащ. Зы къуэ яІэщ.

Сабий игъуэта иужькІэ, Корель актёр лэжьыгъэр пІалъэкІэ зэригъэтІылъэкІын хуей хъущ. Абы и гупытэр зэрыщыту унагъуэмрэ сабиймрэ етат. Ауэ щыхъукІи, тырку кином хэт актрисэ нэхъ дахэу 10-м я бжыгъэм ар сыт щыгъуи хагъэхьэ.

Хъыджэбзыр спортым, кьафэхэм дахьэх. Абы ибзыщІыркъым ІэфІыкІэ фІыуэ зэриль агъур, пщэфІэну зэрифІэфыр. «Not just coffe» фІэщыгъэ иІэу Джихангир къыщыхэІуиха кафе щыкІуэм езым и рецепткІэ ящІа Іэфы Іэкъэр щащэ. Апхуэдэ щхьапІэ къызэІуихыну актрисэр куэд щІауэ щІэхъуэпсыр. Езым зэрыжиІэмкІэ, кафем щагъэхьэзырыр езым и унагъуэм щапщэфІ шхын кьабзэхэм хуэдэхэрщ.

Корель и хъуэпсапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ езым и театр къызэІуихыну абы щыджэгуныр.

2019 гъэм и мазае мазэм адыгэ бзылъхугъэр хэту иджыри зы фильмыщІэ дунейм къытехьащ. «Зы лъагъуныгъэ - гъащІит» картинэм хэт лІыхъужь нэхъыщхьэу мэджэгу.

ХЬЭРИС Ариан.

Фахрие Эвджен

Шэрыншэу, тырку литературэм нэхъ цІэрыІуэ дыдэу хэтхэм ящыщщ Гюнтекин Решад и Іэдакъэ къыщІэкІа «Псейбзум уэрэд къреш» романыр. Ар и лъабжьэу фильм куэд дыдэ дунейм къытехьащ. Иужьрейуэ абы трахам и лІыхъужь нэхъыщхьэ - Фериде и ролыр зыгъэзэщІар Эвджен Фахриещ. Хъыджэбзым и анэр адыгэщ, и адэр тыркущ. Мыр хъыджэбзым и япэ ролкъым, ауэ мыбыкІэ ар дуней псом къыщацІыхуащ.

ФАХРИЕ 1986 гъэм Герма-ниемщыщ Золинген къалэ цІыкІум къыщалъхуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ ар дунейм къыщытехьа гъэм «Псейбзум уэрэд къреш» кинор япэ дыдэу утыку кърахьауэ зэрыщытар, лІыхъужь нэхъыщхьэу абы хэтар къэралым и тхьэІухуд зэпеуэм щытекІуа Шенер Айданщ.

Хъыджэбзым и сабиигъуэр тыншу щытакъым. А лъэхъэнэм нэмыцэм щыпсэу тыркухэр къраухэкІырт. ИужькІэ абы къэдрэ жиІэжат щІынэ щІыІэхэм зыщагъэпщкІуу жэщ кІыхьхэр шынэу ягъакІуэу зэрыщытар. Ауэ щыхъукІи, ар школым фІы дыдэу щеджэрт, егугъуу Іэзэм зригъащІэрт.

Пащащэр япэу школ спектаклым хэту утыку къыщихьами, иужькІи актёр Іэщ1агъэр и гум къыщыушатэкъым, езым и ныбжьэгъу хъыджэбз цыкІухэм хуэдэуи ехъуапсэртэкъым. Курыт еджапІэ нэужьым ар щІэтІысхьащ Гейне Генрих и цІэр зэрихьэу Дюссельдорф дэт университетым социологиемрэ менеджментымкІэ къудамэм.

2005 гъэм, ар и анэм и гъусэу Истамбыл зыгъэпсэхуакІуэ кІуаУэ, киностудием и лэжьакІуэхэм зэрымыщІэкІэ къалъагъури, «Зэи уигу иумыгъэху» сериалым хэтыну къыхуагъэлъэгъуащ. Ар трахын зэрауихыу Эвджен ирагъэблагъащ «Пщащэхэр пощэщ» проект иным. Абы илъэсиплым нэблагъэкІэ хэтащ актрисэ щІалэр. Абыхэм траха «Псейбзум уэрэд къреш» фильмым хъыджэбзыр тельыджэу щоджэгу. Фильмыр зэуэ цІэрыІуэ мэхъу, абы и гъусэу я цІэр мэІу абы щыджэгуа артистхэми.

Фахрие щыджэгуащ «Зэшыгъуэ» психологие драмэм, «Лъагъуныгъэр щІелъафэ» мелодрамэм. Фахрие и зэфІэкІ гушыІэ жанрми щеплъащ икІи ари Іэзэу къоХулІэ. «Си гъащІэм и зы илъэс» сериалым абы щегъэзащІэ лэжьыгъэ фІэкІа Іэхуу зимыІэ, ар нэхъыщхьэу зыгъэув Пинар и ролыр. Пащащэм и благъэхэм дэкІуэн хуейуэ ирагъэкІ. Машинэ зэжьэхэуэм хэхуа Пинар зрегъэцІыху щІалэ къызэрыгуэкІ Угур (ари щІалэ къыдэнэжа гуэрщ). Ныбжьыщ1итІым я благъэхэр арэзы зэращІын мурад къагупсыс.

ИужькІэ адыгэ бзылъхугъэр щыдолъагъу «Алыхьым и гъэугум тет гуп» триллерым, «Гъатхэ нэпцІ» фильмым, «Уэращ си унэр» мелодрамэм щыджэгуу. 2010 гъэм дунейм къытехьащ ар зыхэт «Энрикэ гуащэ» фІэщыгъэм щІэту лъагъуныгъэмрэ гушыІэмрэ щызэхэухуэна фильм гъэщІэгъуэныр.

Эвджен Фахрие и цІэр Тыркум щыцІэрыІуэт, ауэ «Псейбзум уэрэд къреш» фильмыр дунейм къытехьа иужькІэ бзылъхугъэм и цІэр жыжьэ игъэІуащ. Озчивит Бурак и гъусэу игъэзэщІа ролхэр иужьрей илъэсипщІым тырку кинематографием щыпэхъыфІу къалъытат. Абы щызэрыцІыхуа, лъагъуныгъэ ролхэр щызыгъэзэщІа ныбжьыщ1итІым ягу хьхьэщІа къыщІэкІынт, иужькІэ унагъуэ дахэ хъужащ.

Хабзэм тету, Бурак Фахрие и адэ-анэм деж гъыхьэу игъакІуэри, я пхъур къратыну арэзы хъуа иужькІэщ ахэр щызэрышар. 2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м абыхэм я хьэгъуэлІыгъуэр Пащэ Саид Хьэлым и хэщІапІэм, цыху 500-м щІигъу хьэщІэ къратрэблагъэри, Іэтауэ щащІащ.

Абы яужь хъыджэбзыр щыджэгуащ тхыдэр зи лъабжьэ «Курт Сеитрэ Александрэрэ» фильмым. Урысыдзэм и офицер Курт Сеитрэ пщащэ ныбжьыщІэ Шурэрэ я лъагъуныгъэрщ зытеухуар картинэр. Абыхэм Урыс пащтыхыгъуэм и къутэжыгъуэр, революцэр, хэкур бгынэныр я натІэщ.

Фахрие щІэупІащэ ин зиІэ проект куэдым ирагъэблагъэ. 2017 гъэм ар щыджэгуащ «Ажалыр хъэсхуу» драмэм. Сельви и ролыр зыгъэзащІэ артисткэмрэ абы и щІалэ Догъэнрэ гугъуехь инхэр къапэщылъщ. ЕтІуанэ махуэм я хьэгъуэлІыгъуэу, щІалэм пцы кьиралъхьэри, псэуху къимыкІыну, пІалъэ кьитралъхьэри агъэтІыс.

«КІэ зимыІэ лъагъуныгъэ» лъагъуныгъэ фильмри цІэрыІуэ хъуащ. Абы лІыхъужь нэхъыщхьэу хэт Зейнел медицинэм и профессор Джан фІыуэ елъагъу. Абыхэми лъэпощхьэпо куэд къапэщылъщ.

Фахрие илъэсипщІ хъуауэ ехъулІэу кином и дунейм хэтми, абы жеІэ актёр щІалэ дыдэу зыкъызэрилъытэр. Ар Шорэ Тюркан куэдым щрагъэщкІэ гушыІэгъуэн пщохьу... Пэжу, адыгэлъ зыщІэтэр зыми хэгъуэщэнкъым!

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Аккая Дениз

Аккая Дениз топ-модельщ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІщ, хьэрычэтыщІэщ, актрисэщ, 1997 гъэм Тыркум и модель нэхъыфІ хъуащ.

ДЕНИЗ 1977 гъэм шыщхьэІум и 3-м Истамбыл къыщалъхуащ. Абы и адэр хьэтыкъуейщ, и анэр (Динэмис) къэбэрдей адыгэхэм я щІэблэщ. Адыгэ пщащэм и адэр «Turkish Maritime Facilities Inc» Іэхуущ1анІэм и генеральнэ унафэщІу, и анэр «Turkish Airlines» компаниием и экономисту лэжьащ.

Дениз инджылыз щэнхабзэмрэ литературэмрэ Истамбыл дэт университетым и филологие къудамэм щиджащ.

«Elite Model Look», «Best Model of Turkey» зэпеуэхэм ехъулІэныгъэ къыщыщыхьа адыгэ пщащэм модель Іэщ1агъэм зрипщытыну тогушхуэ. 2006 гъэм абы гъэщІэгъуэну ирегъэкІуэкІ «Turkey's Next Top Model» шоур. 2015 гъэм Дениз махуэ 15-кІэ Тырку моделхэм я деж щрагъэкІуэкІа «Haber Turk» зэпеуэм фым я фІыжу, дахэм я нэхъ дахэу къыщалъытащ.

Хъыджэбз тхьэІухудым и зэфІэкІ киноми щеплъащ. Ар хэтащ «Кипр: маскэ зезыхьэ хъунщІакІуэхэр», «Гъащ1эмрэ ажылымрэ»(2007 гъэ), «ЕджапІэ», «Визонтеле Туба» (2003 гъэ), «Нэху удзыфэ» (200 гъэ) фильмхэм, нэгъуэщІхэми. Апхуэдэуи Аккая щытащ модэмкІэ журналым и редактору, абы къызэІуихат сабий щыгъыхэнэм «Chic Frog by Deniz Akkaya» я тыкуэн телъыджэ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Озай Гупсэ

Адыгэ къуэпс зиІэ тырку актрисэхэм ящыщщ Озай Гупсэ. Ар 1984 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м Измир къыщалъхуащ. Унагъуэм я хэхъуэм и Іыхьэфі ират-ри, Гупсэ курыт еджапІэ нэхъыфІым ягъэкІуащ. ЯгъэфІэу къэхъуа пщащэм куэдым зрипщытыр, гупжьей зэмылІужьыгъуэхэм и зэфІэкІ щеплъыжьыр. Школым щагъэув спектаклхэм щыджэгурт, уэрэд жиІэрт, зыгуэрхэм запищІыжьыр, апхуэдэуи гушыІэ усэхэр гъэщІэгъуэну утыку кърихьэрт.

ЯПЭ ЩІЫКІЭ абы и адэ-анэм яфІэфІакъым я пхъум зызрипщыт Іэхухэр. Ауэ Гупсэ Іэщ1агъэ хуэхъунур илъэс 13 - 14-хэм иту иубзыхуакІэт.

Курыт еджапІэ нэужьым ар университетым щІэтІысхьэри, илъэс зыбжанэкІэ радиовещанэмрэ киномрэ я къудамэм щеджащ. Абы фІы дыдэу илъагъурт художественнэ тхэкІэм ущыхуагъасэмрэ режиссурэ дерсхэмрэ. Апхуэдэуи абы дигъэхуртэкъым кьафэ, актёр ІэзагъэмкІэ хухаха сыхьэтхэр.

2010 гъэм и пэщІэдзэхэм, документальнэ проект зыбжанэ курсовой, диплом лэжьыгъэу зыгъэзыхьэра хъыджэбзыр, лъэпкъ телевиденэм и канал зэмылІэужьыгъуэхэм ирагъэкІуэкІа зэпеуэхэм щыпхьыкІащ. Гупсэ сценэ иным ящэу къыщыщыкьар 2012 гъэращ. «Дуней нэпцІ» гушыІэ сериалым абы щигъэзэщащ Нурхьэят и ролыр. ИлъэситІым нэблагъэкІэ ар екІуэкІати, кІуэ пэтми епІыр нэхъыбэ хъурт.

2014 гъэм актрисэр «Делихьэ» сериалым щыджэгуащ. МафІитІым яку къыдэна хъыджэбзым и гур мыкІуэду хэкІыпІэ пэжэр къызэригъэтым папщІэ а образыр куэдым ягу дыхьат.

Алишик Сандри и цІэкІэ щыІэ лъэпкъ саугъэтыр кьрата иужькІэ, Гупсэ аргуэру гушыІэ роль «Пщыпхъу» сериалым къыщыхуагъэфащ.

2018 гъэм и пэщІэдзэхэм адыгэ хъыджэбзым, телевиденэм артисту икІи сценаристу игъэзэжри, «Делихьэ-2» сериалыр трихащ. Цыхухэр куэд щІауэ зэжьэ а Іуэхугъуэм хуабжьу щыгуфІыкІащ.

Илъэс блэкІам абы триха «Эльфхэм я зауэ» фильмым и лІыхъужь нэхъыщхьэри, сценариер зейри езырат. ГушыІэ дахэр зи щІасэ хъыджэбзым и лэжьыгъэхэм щІэупщІэшхуэ яІэу цІыхухэр йожьэ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Нунэ.

НапэкІуэцІр зыгъэхьэзырар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

Атагюль Неслихан

Къыкіэлъыкіуэу зи гугъу фхуэсщІыну хъыджэбзыр зымыщІыхьу къыфхэту фІэщщІыгъуейщ. Тырку къэралыгъуэм и актрисэ нэхъ цІэрыІуэ дыдэу къалъытэ Атагюль Неслихан и адэр адыгэщ, и анэр урысщ.

ХЪЫДЖЭБЗЫР шыщхьэУІум и 20-м 1992 гъэм Истамбыл къыщалъхуащ. Унагъуэр хуэмыщІауэ псэурт. И анэр унэгуащэт, Неслиханрэ и дэлъху нэхъыжь Илкъанрэ иПІырт.

Неслихан иджыри цыкІу дыдэу актёр Іэщ1агъэм ехъуэпсэн щІидзат. Ар зэпІъа фильмхэм хэтахэм запищІыжьырт, езыри абыхэм я гъусэу джэгуу къыпщигъэхъуу. И зэфІэкІымрэ и теплъэ зэкІужымрэщ Неслихан и унагъуэр тхьэмыщкІапІэм къизышари. Хъыджэбзым и адэр лъэпкъкІэ Шэрджэсым, и анэр Беларусым щыщти, лъы зэхэдзэм и Іэужь зытелъ пщащэр къызэрымыкІуэу дахэ хъуащ. А псом гу лъызыта анэм, ахъшэ зэхуихьэри, хъыджэбзым и документхэр хуэзригъэпэщащ. А сурэтхэм ящыщ зыбжанэ модель агентствэхэм яхуигъэхьащ, зэпеуэхэм хигъэхьащ. Арати, илъэс 13-м ит тхьэІухудым гу къыпІатэри, рекламэм хэтыну къыхуагъэлъэгъуащ. Дауи, ар занщІэу арэзы хъуат.

ГъэщІэгъуэнракъэ, ар камерэм щымышынэу, зимыкъуэу, хуиту зиІыгт. Аращ абы етІуанэ лъэбакъуэ ичунымкІэ сэбэп къыхуэхъуари. Ар иджыри балигъыпІэ иуватэкъым бренд цІэрыІуэхэу «Tofita», «Sutas», «Valenza Kids» хуэдэхэм къыщІагъэкІхэр игъэлъагъуэ щыхъуам. Ауэ ари мащІэт адыгэ пщащэм и дежкІэ. Икли, куэд дэмыкІыу, Неслихан и къуэпІсапэхэр кьеХъулІащ.

Киностудием и продюсерхэм, тхьэІухудым и зэфІэкІым гу къыпІатэри, илъэс 14 ныбжьым иту ар ирагъэблагъащ «Ямэ лъагъуныгъэ» гушыІэ фильмым хэтыну. Абы Іэзэу щыджэгуа Атагюль «Дыщэ налъэ» фестивалым саугъэт щхьэхуэ къыщыхуагъэфэщат. Кином лъапэ махуэ хэзыча актрисэр Тыркум щыщІэрыІуэ «Тхьэмпэ пылъэлъыжьыгъуэ» проектым и серие 34-м щыджэгуащ.

Адыгэ пщащэм къыгурыІуэрт, кином и дунейм ехъулІэныгъэ инхэр ущиІэн папщІэ, дахагъэ къудейкІэ Іуэхур зэрызэфІэмыкІынур. ИкІи курыт еджапІэ нэужьым актёр Іэзагъэм хуэджэну щІэтІысхьащ. Ар щыджэгуащ 2013 гъэм траха «ГъэхъэбзапІэ» фильмым. Зехра и ролым абы киноприз зыбжанэ къыхуихьащ.

Ди лъэпкъэгъу хъыджэбзыр «Истамбыл и напит1» сериалым щыджэгуащ. Сафэ Пеями и «Фатихь» романыр зи лъабжьэ фильмым тхэмыщІкІэ хьэблэ хэхам и гугъу щещІ. Абы и лІыхъужь нэхъыщхьэ Нериман и ролыр Неслихан егъэзащІэ. Картинэр щытрахым, ар и насып зыхэлъ щІалэм - Догулу Къадир - хуэзащ. Сценарийм зэрытымкІэ, абыхэм лъагъуныгъэшхуэ зэхуащІ. Ныбжьыщ1итІыр «джэгуурэ» пэрпэжу унагъуэ хъужащ.

2015 гъэм «Уэ къыпщІэнар» фильмыр дунейм къытехьащ. Ар Европэми щагъэлъэгъуати, актрисэ щІалэр занщІэу цІэрыІуэ хъуат. Хъуажэм къыдэкІа хъыдэбз къызэрыгуэкІым и роль щыщІэрыІуэ «Тхьэмпэ пылъэлъыжьыгъуэ» проектым и серие 34-м щыджэгуащ.

Адыгэ пщащэм къыгурыІуэрт, кином и дунейм ехъулІэныгъэ инхэр ущиІэн папщІэ, дахагъэ къудейкІэ Іуэхур зэрызэфІэмыкІынур. ИкІи курыт еджапІэ нэужьым актёр Іэзагъэм хуэджэну щІэтІысхьащ. Ар щыджэгуащ 2013 гъэм траха «ГъэхъэбзапІэ» фильмым. Зехра и ролым абы киноприз зыбжанэ къыхуихьащ.

Ди лъэпкъэгъу хъыджэбзыр «Истамбыл и напит1» сериалым щыджэгуащ. Сафэ Пеями и «Фатихь» романыр зи лъабжьэ фильмым тхэмыщІкІэ хьэблэ хэхам и гугъу щещІ. Абы и лІыхъужь нэхъыщхьэ Нериман и ролыр Неслихан егъэзащІэ. Картинэр щытрахым, ар и насып зыхэлъ щІалэм - Догулу Къадир - хуэзащ. Сценарийм зэрытымкІэ, абыхэм лъагъуныгъэшхуэ зэхуащІ. Ныбжьыщ1итІыр «джэгуурэ» пэрпэжу унагъуэ хъужащ.

2015 гъэм «Уэ къыпщІэнар» фильмыр дунейм къытехьащ. Ар Европэми щагъэлъэгъуати, актрисэ щІалэр занщІэу цІэрыІуэ хъуат. Хъуажэм къыдэкІа хъыдэбз къызэрыгуэкІым и роль еГъэзащІэ Неслихан, абы фІыуэ елъагъу унагъуэ беижьым къыхэкІа щІалэр.

Урысейм Неслихан къыщацІыхуащ «КІэ зимыІэ лъагъуныгъэ» сериалымкІэ.

2018 гъэм актрисэр удихьэхуу щоджэгу «ЛІащІэ» фильмым. Абы зи роль игъэзащІа Бильге психиатр щІэрыІуэ Саххир и гъусэу мэлажьэ. Абыхэм къалъхьэхуэ пащащэм и адэ хъыбарыншэу кІуэдар.

Неслихан инстаграмым щызэригъэпэща напэкІуэцІым ныбжьэгъу мелуан бжыгъэ щиІэщ. Ар щытхъуми псалъэ жагъуэми есэжащ. Езым зэрыжиІэмкІэ, абы цІыхухэм ятх псалъэ жагъуэхэм гулъытэшхуэ хуищІыркъым. «Сэ сытым дежи къэслъыхьэри сльагъури дахагъащ. МыхъумыщІагъэ цІыхум дэслъагъумэ, а мыхъумыщІагъэр сэращ зыхэлъыр. Дахагъэ, телъыджэ слъагъумэ, ар къызыпкърыкІыр сэращ», - жеІэ Неслихан.

«ЛІыкІуэм ипхъу» фильмым лІыхъужь нэхъыщхьэм и ролыр щигъэзэщІащ хъыджэбзым. Абы фІыуэ илъагъуу хэт щІалэр тырку актёр цІэрыІуэ Акюрек Энгинщ. Ар теухуащ хьэрычэтыщІэ къулеижьымрэ зи адэм къулыкъу лъагэ иІыгъ хъыджэбзымрэ я гурыщІэ кьабзэхэм. Ахэр щызэрышэну трауху пІалъэр къыщысым, хъыджэбзыр мэкІуэд, ауэ щІалэр абы илъэс куэдкІэ хуэпэжу мэпсэу.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Жыіэгъуэхэм къарыкІыр

Си анэм зэрыжиІэу сумыщІу, си фызым зэрыжиІэу сыщІ

ЩІалэ гуэр шэсу дэкІыху:
- Ди Тхьэ, си анэм зэрыжиІэу сумыщІ, си фызым зэрыжиІэу сыщІ, - жиІэрт.
- Сыт апхуэдэу щІыжыпІэр? - жери, еупщІащ щІалэм и гъусэр.
- Анэ мыгъуэр гумащІэщи, сежьамэ, сыкъэмысыжьну фІощІ. Абрэджкэм сыкъэкІыу, хьэм сашхыу, псым ситхьэлэу, жеІэри щысщ. Си фызым хъугъуэфІыгъуэхэр къысхуихьынурэ къэкІуэжьнущ жеІэри, гуфІэу къыспоплъэ, - иритащ жэуап щІалэм.

Уи благъэр бий пщІымэ, уи фІым благъэ хуэхъунщ

Зы дыгъужьрэ зы мэлыхъуэхьэрэ зэгъусэу къакІухьу бажэм щилъагъум игъэщІэгъуащ, ябгъэдыхьэри яупщІащ:
- Мыр сыт гъэщІэгъуэн, игъащІэ лъандэрэ фызэбийщ. Иджы ныбжьэгъу фызэкуэхъуныр сытым къыхэфха?
- АпІэ, мыдэ къэдаІуэ, - жиІащ хьэм. - Мы си гъусэ дыгъужьыр, сэ схъумэ мэлым нахэпІэдэри, зы мэл ирихьэжьащ. Ар къыщегъэнэну си лъэ къыззэрихькІэ сыкІэлъыщІэлъхьуат, ауэ сыльэщІыхьакъым. Абы щхьэкІэ лажьэ симыІэу мэлыхъуэр Іейуэ къызэуати, абы и бийм благъэ зыхуэсщІащ.

Уи благъэр бий пщІымэ, уи фІым благъэ хуэхъунщ

Зы дыгъужьрэ зы мэлыхъуэхьэрэ зэгъусэу къакІухьу бажэм щилъагъум игъэщІэгъуащ, ябгъэдыхьэри яупщІащ:
- Мыр сыт гъэщІэгъуэн, игъащІэ лъандэрэ фызэбийщ. Иджы ныбжьэгъу фызэкуэхъуныр сытым къыхэфха?
- АпІэ, мыдэ къэдаІуэ, - жиІащ хьэм. - Мы си гъусэ дыгъужьыр, сэ схъумэ мэлым нахэпІэдэри, зы мэл ирихьэжьащ. Ар къыщегъэнэну си лъэ къызэрихькІэ сыкІэлъыщІэлъхьуат, ауэ сыльэщІыхьакъым. Абы щхьэкІэ лажьэ симыІэу мэлыхъуэр Іейуэ къызэуати, абы и бийм благъэ зыхуэсщІащ.

Ухэныпэ нэхъри - лъэпхъуэмбыщІэ

Зы унагъуэ гуэрым хьэщІэ къахуэкІуати, ныш ауклар кьанэ щымыІэу хьэщІэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ яшхри зэбгрыкІыжащ. Лэпсым къыхэнауэ зы лъэпхъуэмбыщІэ закъуэ нысэм кыигъуэтыжауэ егъуу здэщысым, и гуащэжьым къиплъагъри:
- Арксым, нысэ, Іыр псори Іэнэм тумылъхьэу уи Іыхьэ къэбгъанэрткъэ, лъэпхъуэмбыщІэм сыт къыпхуищІэн? - жиІащ.
- ХьэщІэхэм я емыкІу къэдмыхьмэ, сэ сыхэнакъым. Ухэныпэ нэхърэ лъэпхъуэмбыщІэри Іыхьэщ, - жиІащ нысэ губзыгъэм.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Къэбэрдей пщащэ.

Адыгэ бзылъхугъэхэр. *Сурэтхэр* **Корнеев Евгений** *ищІащ. 1843 гъэ*

● ЖыІэгъуэхэр

Псалъэ пэжым нэр ирещІ

●Ерыскъым я нэхъыфІми, ебгъэлеймэ, лей къуекІ.
●Зэбгъэзэуэным акъылышхуэ хуейкъым, акъыл зыхуейр зэгурыбгъэІуэнырщ.
●ЗэрымыІыгъ зэшхэм уащымышынэ.
●Си акъыл ныкъуэмрэ зи ныбэ нэщІымрэ защыхъумэ.
●Зи щхьэ зыфІэмыдахэрэ зи акъыл зыфІэмащІэрэ гъуэтыгъуейщ.
●Зы кІуапІэ фІэкІа зымыщІэм нэгъуэщІ гъуэгу езыгъэлъагъур щІэныгъэншэу къыщохьу.
●Зыхуэмыфащэм пщІэ хуэпщІмэ, уи пщІэм хощІ.
●Куэдрэ упсэуну ухуеймэ, уи псэр гугъу иумыигъэхь.
●КІэ зимыІэ гуэзвэгъуэм мывэм я нэхъ быдэр кьегъачэ.
●КъэфэкІэ зымыщІэм къэфэным гугъуехь лъэпкъ хилъагъуэркъым.
●Къэрабгъар шынэр араскъым - шынэм темыкІуэфыращ.
●ІІэныгъэм щымышыни щыІэжьым, хуэпІащІи бгъэтынущ.
●Псалъэ пэжым нэр ирещІ, псалъэ гуауэм гур екъутэ.
●Псэлъэным нэхърэ дэІуэныр нэхъапэ изыгъэщым нэхъыбэ къыхохьэу.
●ПщІыр сыт хуэдизрэ пхымыкІами, икІэм-икІэжьым, пхыроху.
●ПщафІэ ухъун щхьэкІэ, нэгъуэщІ мыхъуми, тебэ къэплъам Іэ пщІанэкІэ уепхъуэ зэрымыхъунур пщІэн хуейщ.
●Тэмакъыр япэ ищмэ, акъылым и зэфІэкІым хощІ.
●Темылъ тыгъэ пхуэзыщІым и щхьэусыгъуэр зэгъащІэ.

● Шхыныгъуэ

Кхъуей

Ар шатэ зытеха шэми зытрамыкъами кхъахащІыкІ. Гъэшыр яз, градус 35 - 40 хъуху игъэхуабэ, пхъэ бжэмышхкІэ лъатэпс хакІэри псынщІэу зэІащІэ, и щхьэр трапІэри дакъикъи 5 - 7-кІэ щагъэт. ЗэрыпщІэу кхъуейр щІотІысыкІри шэжьпсыр и щхьэм къыдокІуей. Кхъуейр хъурейуэ, см 2 и Іувагъуэу ІэгукІэ кхъухакъэкІ, тепщэч пІащІэм иралъхьэ, лъэныкъуитІымкІи шыгъу пхъашэ щаухэри, дакъикъэ 15 - 20-кІэ ягъэдий. ІупщІэ-ІупщІэу зэпаупщІ, аргуэру шыгъу траудэри, абдж тепщэчым иралъхьэ, щыдийм къыщІэжа щэжьпсыр щІакІэж. Апхуэдэурэ хаха кхъуейр банкІым из ящІри, бжьныкъу укъэбза халъхьэж. Литрипщі зэрыхуэ банкІым бжьныкъу хьэдэзу 10 - 15 халъхьэ. ИтІанэ и щхьэр гъэбдауэ щІыпІэм щагъэув.

Кхъуейр чейм е кІэструлышхуэм илъуи ягъэув. Ар зэрыхахыу зэпаупщІ, чейм иралъхьэри шыгъу тракІутэ, апхуэдэурэ и бгым къыфІатгъэкІ, и щІыпм бинт трапхьэри пхъэ къабзэ тралъхьэ, абы мывэ къабзэ тралъхьэ. Арышламэ, кхъуейр къыдэкІуеинурэ кунэф хъунущ. Кхъуейр из ящІа нэужь и щхьэр бинт тІуащІэкІэ щхьэщапхыкІыж. Абы шэжьпс щІакІэжьыркым - къыщІэжьр ирокъу. И щхьэфэм трищІэр зы тхьэмахуэ, тхьэмахуитІым зэ къытрах. Абы щыгъуэ бинтри, мывэри, пхъэри псы щІыІэкІэ ятхьэщІри тралъхьэж. Бжьныкъу халъхьэми хъунущ. Шэжьпс къыщІэжам кхъуейр щІимыгъанэмэ, шэжьпс щІыІэ шыуа щІакІэ. И щхьэм телъыр хьэлъэІуэмэ, кхъуейр быдэІри гъунщ мэхъу. ШэжьпсымкІэ мыраемыси, чыржьини, мэжаджи ящІ, бжьын гъэцІыви, лэкъуми, щІывыни, хьэлІами ирипщІ хъунущ. Кхъуейм пшхар фІыуэ егъэткІу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Іуэрыіуатэ

Нартхэ зыхана хабзэ

Кхъахэ хъуар, и лІэгъуэ къыщысым, бгым щадзыж я хабзэт нартхэ. Бэдынокъуэ и адэри жьы хъуащ. «Жьыгъэибг схьынщи, бгым щызэдзынщ», - жери, и адэр и дамащхьэм игъэшэри, Бэдынокъуэ Жьыгъэибг і дэкІащ, тажьджэ ищІри, и адэр иригъэтІысхьащ, еІунщІри тажьджэр бгым иригъэжэхащ.

Бгым щежэхым, тажьджэр жыг лъэдакъэ хуэзэри фІэнащ.

- И лІэгъуэ къэсакъым, и лІэгъуэ къэмысауэ бгым щыздзынкъым, - жери Бэдынокъуэ и адэр бгым къыдихыжащ.

- Унэм сыпхьыж хъунукъым, - кхъыжриІащ и адэм. - Нартхэ кхьыпхуадэнкъым - хабзэр дымыгъэкъутэ.

- Дэнэ уэсхьын? - еупщІащ Бэдынокъуэ и адэм.

- БгъэунщІагъым сыхь, - кхъжриІащ и адэм. - Сыпсэуху бгъэунщІагъым сисынщ, гъуэмылэ кхъсхуэпхьурэ сыбгъэшхэнщ, нартхэ закъедгъэщІэнкъым.

БгъэунщІагъым ихьри щІигъэтІысхьащ. Бэдынокъуэ и адэр, нартхэ бгым щидзауэ фІэкІа ящІакъым, гъуэмылэ хуихьурэ егъашхэ.

ЕкІуэкІыурэ, нартхэ я пхъэщхьэмыщхьэр зэтегъэуащ. Зы гъи кІуащ, гъитІи кІуащ - пхъэщхьэмыщхьэм зауэкъыкыркъым.

Махуэ гуэрым, и адэм гъуэмылэ хуихьурэ пэт, Бэдынокъуэ псым щызэпрыкІым зы мы цыкІу кхъыІэщІэлъэгъуащ. «Ди адэм хуэсхьынщ», - жери зригъэзыхащ Бэдынокъуэ, зыщригъэзыхым, псым зыщІигъэмбыруэри, мыр кІуэдыжащ. БгъэунщІагъым нэсри, мым и гугъу хуищІащ и адэм, нартхэ я пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр зэрыгъужари жриІащ.

- Мыр мэзым къыщІихащ псым, - кхъыжриІащ и адэм. - Мэзым фыщІыхьи, мей жыг къэвгъэІэпхъуэ.

Бэдынокъуэ нартхэ яхьыхьэжри:

- Мей жыг къэвгъэІэпхъуэ, - яжриІащ, - ар жыг фхуэхъунущ.

Мей жыг къагъэІэпхъуэри, пхъэщхьэмыщхьэ къадэхъужащ нартхэ. «Мы Іэрыс» жаІэ щыхъуари абы лъандэрэщ.

ЕкІуэкІыурэ, уэ къыхьхьэри, нартхэ я мэл хъущІэр зэтелІэ хъуащ, хъущэм тІы къыхэнжэкъым, мэлыбгъэ зыбжанэщ кьелар. Нартхэ гуэзвэгъуэ хэхуауэ, гъуэмылэ ихьри Бэдынокъуэ бгъуэнщІагъым кІуащ, нартхэ я мэл хъушэр зэрызэтелар жриІащ.

- Псэууэ къэна мэлыбгъэр Амыщ и тІы хъупІэжьым фху, абы щыхъуакІуэмэ, щІэжьей къащІэхъуэнущ, - жиІащ Бэдынокъуэ нартхэ къахьхьэжри:

- Мэлыбгъэр Амыщ и тІы хъупІэжьым фху, - яжриІащ. Амыщ и тІы хъупІэм зы гъэкІэ щагъэхъуакІуэри, мэлыбгъэм щІэжьей къащІэхъуащ, нартхэ я мэл хъушэми зиужьыжащ.

ЕкІуэкІыурэ, уэгъу кІыхь хъури нартхэ я мэшыр ихьащ, жьлапхъи къахуэнэжакъым. Нартхэ кхъехьулІар жриІащ Бэдынокъуэ и адэм.

- Гъатхэм Тхьэгъэлэдж и мэшыпІэжьыр иревэ нартхэ, - жиІащ Бэдын. - Жьлапхъэ ягъуэтыжынщ.

Тхьэгъэлэдж и мэшыпІэжьыр яващ нартхэ, абы мэш къытекІэри, жьлапхъэ яхуэхъащ, мэши ящІэ хъужащ.

- Ди пхъэщхьэмыщхьэ жыгыр щыгъужьм, уи чэнджещ къыдэпхьалІэри жыг дгъэкІыжащ, - жаІащ нартхэм, Бэдынокъуэ деж кІуэри. - Мэл къытщІэхъуэжами мэш къытщІэхъуэжами, си фІыщІэр уэращ. Сыт пхуэтщІэжьын?

- Зи фІыщІэр сэракъым, - къажриІащ Бэдынокъуэ нартхэ. - Зи фІыщІэр ди адэращ. Жьы щыхъуэм, ди адэр бгым щызэдзыжакъым: хабзэм себакъуэри, бгъэунщІагъым схьауэ исщ.

Нартхэ кІуэри Бэдын бгъуэнщІагъым кхърашыжащ, кхъахэ хъуаи бгым щадзыжакъым абы щегъэжьауэ.

● Тхьдэм щыщ

Дамыгъэхэр

Нарт эпосым и купщІэр дунейм къызэрытехьэ лъандэрэ адыгэхэм къадогъуэгурыкІуэ дамыгъэкІэ зорджэр. ЩІы щІагъым къыщІэкІащ илъэс минищым нэблагъэ ныбжь зиІэ дамыгъэ, кхъуэщІн къутахуэхэм, мывоцІэхэм, кІинэмыщІ пасэрей хьэпшыпхэм къатенауэ. Тхьдэр щыхьэт тохьуэ дамыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэм.

КъыщежьагъащІэм дамыгъэм и къаІэнар зыщІ: абыкІэ ягъэнахуэу щытащ щІыхум бгъэдэлъ мылъкур - шым, Іэщым, унагъуэм щызэрахьэ хьэпшыпхэм, Іэмэпсымэхэм традзэурэ. Хуэм-хуэмурэ ар хуащ лъэпкъым и дамыгъэ, и къалэнми зиубгъуащ. Дамыгъэр нэхъ иужьыІуэкІэ традзэ хуащ мывэ сынхэм, ныпхэм, Іэщэ-фащэхэм.

Дамыгъэр лъэпкъым и тхьдэ пэлыдтащ, абы уригъуэзэмэ, белджылы пауэщІынущ лъэпкъэхэм я къежьаІэр, абы-хэм зэпача гъуэгуанэр. Куэдрэ урохьэлІэ лъэпкъ зыбжанэм зы дамыгъэ зэрахьэу.

Зы дамыгъэ зэрахьэнкІэ мэхъу уебгъэмэ зэхамэ, зэпэжьыжьэ лъэпкъэмэ. ЗэрымыщІагъэкІэ зэтехуэнкІэ мэхъу лъэпкъ зыбжанэм зэрахьэ дамыгъэр - нэхъыбапІэм деж аращ зэрыхьу хабзэри, итІани лъэпкъ зыбжанэм зы дамыгъэ зэрахьэу урихьэлІэмэ, апхуэдэ лъэпкъхэм зы щІэдзапІэ яІэу къэпльытэ мэхъу - зы лІым къытекІауэ. Зы дамыгъэ зезыхьэ лъэпкъ куэд ущрохьэлІэ, псалъэм папщІэ, къэбэрдейхэмрэ кІахэ адыгэхэмрэ я деж, езыхэм ямыщІэжьынкІэ мэхъу ахэр зэрызэшыр, зы лІым къызэрытехьуКІар - зэшхэр зэрызэфІэкІуэдрэ куэд щІамэ, ауэ къызытехьуКІам къахуигъэна дамыгъэр ягъэгъуащэркъым.

Лъэпкъ дамыгъэхэм пщІэшхуэ щаІащ пасэрей адыгэхэм я деж, нэхъыбэрэ къызэрагъэсэбэпари шым традзэурэщ, хабзэ гъэщІэгъуэни яхэлъащ шыр зейм елъытауэ. Шым и кІэбдз сэмэгум дамыгъэ тезыдзэ хабзэр пщырат; кІэбдз ижьым тедзауэ урихьэлІэмэ, ар зи шыр е уэркът, е лъхукъуэлІт. Абы щхьэусыгъуэ иІащ. Шу гуп зэдежьэмэ, щырыщурэт зэрызэбгъурыуеэ хабзэр, пщыр, нэхъыщІэми, яку дагъэувэрт, абы и шым и дамыгъэр щІауфэн щхьэкІэ. Пщым и сэмэгурабгъуМкІэ увыр уэркъ шу нэхъыжьырати, абы и дамыгъэр зытелъын хуейр шым и кІэбдз ижьырат; пщым и ижьырабгъур зыпльысым и дамыгъэр щым и кІэбдз сэмэгум телът, ар уэркъыуи лъхукъуэлІуи щырети. Апхуэдэ хабзэкІэ зэбгъурыуВамэ, шууищми я дамыгъэхэр гъэпщкІуа хъурт. Шууищым зы яхэкІын хуей хъумэ, хэкІыр ижьырабгъуМкІэ щытырати, ар къабгъурыуВэжьху, модрей шууитІым я дамыгъэхэр зэрыщІэхъуМауэ къаІэнарт.

Лъэпкъ дамыгъэхэм къаІэн зэмылІэужьыгъуэ куэд ирыригъэзащІэу къэгъуэгурыкІуэщ адыгэхэр. Тхьдэр щыхьэт тохьуэ, псалъэм папщІэ, адыгэ дзэпщхэм я ныпхэм дамыгъэ хащІыжу зэрыщытам. ЗекІуэ щдежьэкІэ, зэрыхабзэти, дзэпщым ныпр здрихьэжьэн хуейт, и лъэпкъ дамыгъэр хэщІыхьауэ. ЛІыгъэ зэрихьауэ зауэм хэкІуэда цІыхум и кхъащхьэм щыхасэрт ар къызыхэкІа лъэпкъым и дамыгъэ зытелъ нып, абы кхъащхьдзэсэкІэ еджэрт. А хабзэр ди деж къэсакъым, къэсар мывэ сынырц: мывэ сыным ноби хащІыкъ лъэпкъ дамыгъэр, ар щхьэхэт тохьуэ нобэрей мывэ сынхэм пасэрей ныпхэм кхъащхьэдзэсэкІэр щІэдзапІэ зэрахуэхьуам. Лъэпкъ дамыгъэхэр традзэрт хьэгъуэлІыгъуэм, кхъуейр щыдзкІыжу, кІаныр щрашэжкІэ, шурылъэс щыджэгукІэ зэрахьэу щыта ныпхэми.

Адыгэ уэрэдыжь гуэрым мыпхуэдэ псалъэ хэтщ: «Емынэм и бэракъ фІыцІэр Мэртазэхэ къыщыэофІащІэ». Тхьдэм ущымыгъуаззмэ, а псалъэм къиІыр къызэрагъэсэбэпари шым традзэурэщ, хабзэ гъэщІэгъуэни яхэлъащ шыр зейм елъытауэ. Шым и кІэбдз сэмэгум дамыгъэ тезыдзэ хабзэр пщырат; кІэбдз ижьым щыщІащІэ псэущхьэ. **18.** «ЦІыху зыпІ цІыху уасэ ...» **20.** Адыгэ лъэпкъ. **23.** « ... псы кІэрыпщІэрэ?». **24.** КІыщым щІэт Іэмэпсымэ. **26.** Ди гъунэгъум мэл ... зэрригъэпэщащ. **29.** Бдзэжьей зэрещэ кІапсэ зэІуща. **32.** Шым и кІуэкІэ, и жэкІэ. **35.** «Кўэсэ ... умыщІ». **36.** ПІльсфэ. **37.** Зи дамэпхэр хужь, къуаргъ лъэпкъым щыщ къуалэбзу. **38.** Адыгэ таурыхъхэм уэыщрикъэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту.

Къехьу: 1. США- м я президенту щыта Барак ... **2.** ЩІалэ цІыкІур къану зрату щыта цІыху. **3.** Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. **4.** Ди гъунэгъу щІалэм Іэпкълъэпкъ ... иІэщ. **7.** ФІыуэ щІэзыкІа щІалэжьыр ...-небэу и унэмкІэ джэдэжащ. **9.** ... щхьэнтэ. **11.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **13.** Китайм 2008 гъэм щекІуэкІа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщІэзыхьэ адыгэ щІалэр ... Аслъэнбэч. **15.** «Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм ... иІэкъым». **17.** Адыгэ композитор Іэзэ Даур Аслъэн къыщалъхуа, Шэрджэс щынальэм щыщ къуажэ. **18.** Хамэ щынальэр псэуПІэ зыхуэхъуа цІыху. **19.** «Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ нобэрей ...». **21.** Языныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэм я кум илъщ. **22.** Къуажэхь: «Уеплъмэ - , ..., уеджэмэ - , дэгу». **25.** ЦІыхубзхэр псыхьэ щыкІуэкІэ пэгунитІыр абы фІадзэ. **27.** ... икІаУэ зэманыр блолъэт. **28.** Бжьыхьэм зи щхьэкІэм сэмб къыпищІэ, зи жьлэхэр пшы хъу къэжьІыгъэ. Хущхъуи афияни къыхах. **30.** Мэлыхъуэхэм я тхьэмадэ. **31.** КъуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ къыщылбІэ вагъуэ зэрыбын. **33.** Езыгъезыру къыщІэж псы. **34.** Адыгэ куэдым яль щагъэжа, Куржым къыгуэкІа республикэ щхьэхуэ.

ЩІышылэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 1. Мест. **3.** Псэм. **5.** Джэрмэншык. **8.** Хьэрш. **9.** Шыр. **10.** КІэбгъу. **13.** ЩхъущхъІ. **14.** Ержьб. **17.** Пъэгудыгъуэ. **18.** Пэ. **19.** Хъун. **20.** Бемырзэ. **23.** ЩІыхьэт. **24.** Адакъэ. **27.** Шыпхъу. **29.** Дыгъу. **31.** Мыхъур. **32.** Жанхъэтекъуэ. **33.** Зауэ. **34.** Жьанэ.

Къехьу: 1. Мэзыхьэ. **2.** Тхьэгъуш. **3.** ПщІыкІ. **4.** Мазэгъуэ. **6.** Мэш. **7.** «Нур». **11.** Къуцхьэ. **12.** Гурыгъу. **13.** Шыгъупщащ. **15.** Бжэныхъуэ. **16.** АдрыщІ. **21.** Елэн. **22.** Задэ. **25.** Ашэмэз. **26.** Архъуанэ. **28.** ХъумакІуэ. **29.** Дэхъу. **30.** Гъуэт. **31.** Мыкъуэжь.

Псалъэзэблэдз

Твен Марк

● ЗэвгъэцІыху



Твен Марк (и цІэ дыдэр Клеменс Сэмюэл Лэнгхорнщ) америкэ тхакІуэ цІэрыІуэщ. Ар 1835 гъэм Миссури штатым хыхьэ Флориде къалэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр Миссури псым и Іуфэм Іус Ханнибал къалэ цІыкІум щигъэкІуащ. И адэр дунейм ехьажа нэужь, школІым къыщІэкІри, а щІыпІэм къыщыщІэкІ газетым уващ тхыгъэхэр тридзэу.

Илъэс 18 - 22-рэ ныбжьым щитхэм къэралым къыщиІкІухьащ, иужькІэ Миссисипи псым тет кхъухьхэм ящыщ зы лоцману щылэжьащ. 1861 гъэм Твен Марк къэралым и кхъухьэпІэм лэжьакІуэ макІуэ. А лъэхъэнэм абы и Іэзагъыр здынэсри игъэунэхуну Іэмал иІащ, Вирджини-Сити къалэ цІыкІум къыщыдэкІ газетым репортеру ури. Абы Марк къытрыригъэдзащ гушыІэ хъыбар зыбжанэрэ расказхэмрэ. 1865 гъэм Европэмрэ Палестинэмрэ зыщиплъыхьыну кхъухькІэ ежьащ. Абы щыгъуэми гъуэгум щилъагъу гъэщІэгъуэнхэм ятеухуа репортажхэр газетым къригъэхьырт. Твен а зэманым цІэрыІуэ зэрыхъуар 1865 гъэм итха, Іуэрыіуатэ лъабжьэ зиІэ «Знаменитая скачущая лягушка из Калавераса» рассказырщ.

Франджым, Италием, Альджэм, Тырким, Кърымым, ЩІалэ нэужь, США-м игъэзэжащ. 1869 гъэм абы къыдигъэкІащ «Простаки за границей» зыфІащ, очеркхэр щызэхэхьэса тхыльыр. 1872 гъэм «Закаленные» тхыльыр къыдэкІащ. Илъэсищ дэкІа нэужь дунейм къытохьэ и рассказ нэхъыфІхэр щызэхуэхьэса тхыльэ - «Старые и новые очерки», абы ижькІи нэхъыбжьым къащІыху мэхъу. А лъэхъэнэм тхыгъэ гъэщІэгъуэн куэд и Іэдакъэ къыщІэкІащ тхакІуэм.

1890 гъэхэм я пэщІэдзэм щытыкІэ гугъу кхихутащ Твен Марк. И тхылъ тедзапІэр фейдэнщэ хъуа нэужь, нэхъ хэкъуэуэ лэжьэным зритащ, икІи лекца къеджэу илъэс псокІэ дунейр къызэхикІухьащ. Абы удынышхуэу къытехуащ и бынплІым ящыщу щыр, и щхьэгъусэ Оливие дунейм зэрехьжар. Твен абыхэм я ужькІэ къигъэщІэжа илъэсхэм итхахэр дзрэжьгъуэ къозымыт защІэщ. Езыр Коннектикут штатым щыщ Реддинг къралэм 1910 гъэм щылІащ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шырдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Элпэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхъажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуищ ІапІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; гъэшІагъэр хъумэныкІэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэдэжныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ ІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдэкІ. 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елъытауэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ,** *сурэтхэм елъытауэ* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.877 ● Заказ №103